



LEKÒL PIBLIK KONTE ORANGE YO
ENFÒMASYON SOU ENSKRIPSYON LEKÒL

Pou enskri elèv ou a nan lekòl, dokiman ki annapre yo nesèsè:

*Konsèy Lekòl Konte Orange lan otorize pou kolekte nimewo sekirite sosyal ("SSN) elèv yo jan sa etabli nan Seksyon 1008.386 ak 119.071 (5) (a) 6, Lwa Florid yo. Dispozisyon Nimewo Sekirite Sosyal (SSN) yon elèv sou fòm enskripsyon an opsyonèl e li pa obligatwa kòm kondisyon pou enskripsyon nan Distri a. Nenpòt SSN ki bay an koneksyon ak enskripsyon an pral sèlman itilize pou rezon rechèch, rapò ak anrejistremant. Koleksyon SSN la pa dwe itilize pou aplikasyon lwa imigrasyon. Lè ou bay Konsèy Lekòl Konte Orange, Florid la SSN elèv la pou rezon sa yo, sa vle di ou bay konsantman ou pou itilizasyon SSN elèv la nan fason ki dekrit a.

Verifikasyon non legal

- Sètifika Nesans

Verifikasyon laj* (avèk youn nan sa annapre yo):

- Sètifika Nesans
- Paspò

Pou antre nan **Kindègadenn**, yon timoun dwe gen 5 lane nan dat oswa anvan 1ye septanm..

Pou antre nan **premye ane**, yon timoun dwe gen 6 lane nan dat oswa anvan 1ye septanm epi fini kindègadenn ak siksè.

Verifikasyon vaksinasyon ak egzamen fizik

- **Prè vaksinasyon** nan yon fòm 680, ke nou ka jwenn nan Depatman Sante Konte Orange; 832 W. Central Blvd., Orlando, FL.
 - **Prè egzamen fizik** yon doktè Ameriken pandan yon ane enskripsyon an (premye jou antre lekòl).

Verifikasyon antesedan akademik

- Relve nòt
- Fòm abandon
- Dènye kanè

Verifikasyon enfòmasyon edikasyon espesyal (si aplikab)

- IEP aktyèl
- Plan 504 aktyèl

Verifikasyon domisil ou nan konte Orange (avèk youn nan sa anba yo):

- Kat egzansyon pwopriyete aktyèl, deklarasyon taks pwopriyete aktyèl oswa deklarasyon règleman siyen
- Kontra lwaye aktyèl ki siyen (Yo ka mande dokiman anplis)
- Verifikasyon adrès (sèlman sou randevou. <http://appointments.ocps.net>): Dokiman obligatwa nan: https://www.ocps.net/departments/student_enrollment/verification_of_residence
Biwo Enskripsyon Elèv la sitiye nan 6501 Magic Way, Bldg 100-B, Orlando, FL 32809.

Verifikasyon kòm responsab legal

- Sètifika Nesans

Si sa aplikab, ou dwe bay youn nan sa annapre yo:

- Dokiman tribinal (tankou dekrè divòs avèk plan wòl parantal oswa plasman timoun yo atravè tribinal)
- Responsablite Legal Edikatif OCPS (li bay sèlman lè paran/responsab legal la ap viv andeyò Konte Orange oswa konte vwazen Brevard, Osceola, Polk, Lake, Seminole ak Volusia) disponib nan:

https://www.ocps.net/departments/student_enrollment/guardianship

Biwo enskripsyon elèv yo sitiye nan 6501 Way majik, Bldg 100-B, Orlando, FL 32809

*Lòt fòm verifikasyon laj yo akseptab anba Seksyon 1003.21 Lwa Florid yo

Egzansyon dokiman tanporè: Elèv ki pa gen rezidans lannuit fiks, regilye ak apwopriye, gen dwa pou enskripsyon imedyat anba Lwa Asistans Sanzabri McKinney-Vento 42 U.S.C. 11435. Yon kesyonè rezidans elèv konplè nesèsè pou detèmine kalifikasyon (paj 7-8).

Lekòl: _____

LEKÒL PIBLIK KONTE ORANGE YO
Orlando, Florid

Nimewo elèv la: _____

Alyas elèv _____

Fòm enskripsyon elèv
Ane lekòl 2023-2024

Dat li te resevwa:

Klas: _____

Nan lekòl piblik Konte Orange anvan Wi Non

| | | | | | | | | | | | |
|--|--|--------------------------------|---|---|---------------|--|-------------|--|--|--|--|
| Siyati (Legal) | | Non Sifiks (sa vle di: JR, II) | Prenon (Legal) | | Dezyèm prenon | | Non prefere | | #SSN Elèv la (opsyonèl) | | |
| Adrès domisil | | # Apt. | | Vil | | Kòd postal | | Nimewo telefòn prensipal | | | |
| Adrès postal | | | | Vil | | Kòd postal | | Paran/Responsab Legal - Adrès imèl prensipal | | | |
| Èske ou gen sèvis entènèt san fil lakay ou? <input type="radio"/> Wi <input type="radio"/> Non | | | | Si wi, èske sèvis san fil ou a fyab pou sipòte tout elèv lakay ou sou entènèt an menm tan san lantè lè paj yo ap chaje oswa pèt koneksyon? <input type="radio"/> Wi <input type="radio"/> Non | | | | | | | |
| Dat nesans (Mwa/Jou/Ane) | | | | Elèv la se yon jimo, triplè, elatriye <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non | | | | Lokal nesans (Vil/Eta/Peyi) | | | |
| Sèks | Kategori etnik federal | | Kategori ras federal (Tcheke tout sa ki aplikab) | | | Èske ou bezwen yo voye kominikasyon yo lakay ou nan yon lang ki pa Anglè? | | | Elèv la ap viv avèk (tcheke tout sa ki aplikab) | | |
| <input type="checkbox"/> Gason <input type="checkbox"/> Fanm | <input type="checkbox"/> Pa Ispanik/Pa Latino <input type="checkbox"/> Ispanik/Latino | | <input type="checkbox"/> Blan <input type="checkbox"/> Nwa oswa Afriken Ameriken <input type="checkbox"/> Azyatik <input type="checkbox"/> Ameriken Endyen/Natif Natal <input type="checkbox"/> Alaska <input type="checkbox"/> Natif Natal Awayi oswa lòt Zile Pasifik yo | | | <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Panyòl <input type="checkbox"/> Kreyòl Ayisyen <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Fransè <input type="checkbox"/> Vyetnamyen <input type="checkbox"/> Pòtigè | | | <input type="checkbox"/> Tou de paran <input type="checkbox"/> Responsab OCPS Ed. <input type="checkbox"/> Manman <input type="checkbox"/> Responsab Legal <input type="checkbox"/> Papa <input type="checkbox"/> Lòt / Bo Paran | | |

LÒT TIMOUN NAN LAJ POU LEKÒL K AP VIV NAN KAY LA

| Non timoun lan (Prenon ak Siyati) | Relasyon ak elèv la | Lekòl | Klas | Non timoun lan (Prenon ak Siyati) | Relasyon ak elèv la | Lekòl | Klas |
|-----------------------------------|---------------------|-------|------|-----------------------------------|---------------------|-------|------|
| 1. | | | | 2. | | | |
| 3. | | | | 4. | | | |
| 5. | | | | 6. | | | |

Domisil defini tankou plas kote paran/responsab legal yo gen kay vre, fiks ak pèmanan yo e kote yo gen, menm si yo ta absan, entansyon retounen.

Domisil paran/responsab legal la detèmine domisil elèv la. Endikatè komen domisil yo se pwopriyete kay oswa nan absans pwopriyete kay se yon kontra lwaye rezidansyèl.

837.06 Fo deklarasyon ofisyèl.—Nenpòt moun ki volontèman fè yon fo deklarasyon alekri nan entansyon pou twonpe yon fonksyonè piblik nan pèfòmans fonksyon ofisyèl li dwe koupab krim dezyèm degre, ki dwe pini jan sa ye nan s. 775.082 oswa s. 775.083.

Se pou sètifye tout enfòmasyon nan fòm enskripsyon an vre nan sa mwen pi byen konnen ak kwè. Mwen konprann enfòmasyon ki pa apwopriye yo ka lakòz reta nan antre done yo.

Falsifikasyon enfòmasyon yo pral anile kalifikasyon atletik ak paraskolè elèv la pou yon (1) ane kalandriye apati dat dekouvèt vyolasyon an.

Siyati Paran/Responsab Legal

Dat

Relasyon ak elèv la

Siyati Paran/Responsab Legal

Dat

Relasyon ak elèv la

ENFÒMASYON ANPLIS SOU ELÈV LA: Si repons lan se "wi" pou nenpòt nan kesyon sa yo, elèv la pral teste pou konpetans nan lang Anglè.

| | |
|---|---|
| 1. Lang: Èske elèv la souvan pale yon lang ki pa Anglè? Non <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Ki lang ? _____ | 2. Lang natif natal: Èske elèv la te gen yon premye lang ki pa Anglè? Non <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Ki lang ? _____ |
| 3. Èske gen yon lang ki pa Anglè ki pale lakay? Non <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Ki lang ? _____ | 4. Fèt andeyò peyi Etazini - Si NON, mete Pa Aplikab _____ Dat ou te premye antre nan lekòl nan Etazini: _____ |
| Dapre Seksyon 1006.07, Lwa Florid yo, OCPS oblije poze kesyon 5-8 anba yo. | |
| 1. Idantifye tankou yon elèv edikasyon espesyal oswa gen yon IEP aktif? <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi | 6. Èske yo pa te janm arete elèv la, ki te lakòz yon akizasyon? <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi |
| 2. Èske elèv la gen yon 504 aktyèl? <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi | 7. Èske elèv la pa te janm gen aksyon Jistis Jivenil ki te pran kont li? <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi |
| 3. Èske elèv la pa te janm resevwa yon bous detid McKay? <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi | 8.Èske elèv la pa te janm refere pou sèvis sante mantal? Si wi, mete dat: _____ <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi |
| 4. Èske elèv la pa te janm resevwa yon bous detid Otonomizasyon Familyal (Family Empowerment)? <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi | 9. Èske elèv la se yon paran? <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi |
| 5. Èske elèv la pa te janm ekspilse nan yon lekòl anvan Si wi, mete dat: ___Lekòl (Non/Konte/Eta): _____ <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi | 10. Èske Paran/Responsab Legal la se yon travayè migratè agrikilti/pwodui letye/lapèch epi te vwayaje pou chèche/jwenn <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi |
| | |

DÈNYE TWA LEKÒL LI TE ALE (Kòmanse ak pi resan an – Pou enskripsyon kindègadenn – tanpri, mete Pre-K)

| Kalite lekòl | Non lekòl | Vil, Eta | Ane yo ou te patisipe | Klas |
|--|-----------|----------|-----------------------|------|
| 1 <input type="checkbox"/> Piblik <input type="checkbox"/> Edikasyon Lakay <input type="checkbox"/> Prive | | | | |
| 2 <input type="checkbox"/> Piblik <input type="checkbox"/> Edikasyon Lakay <input type="checkbox"/> Prive | | | | |
| 3. <input type="checkbox"/> Piblik <input type="checkbox"/> Edikasyon Lakay <input type="checkbox"/> Prive | | | | |

ELÈV KINDÈGADENN POU 1YE FWA

Patisipasyon nan pwogram anvan kindègadenn

| | |
|---|------------------------------------|
| <input type="checkbox"/> (V) Pre-kindègadenn Volontè (VPK) nan yon lekòl piblik | Non: _____ |
| <input type="checkbox"/> (P) Founisè Pre-kindègadenn (VPK) nan founisè lekòl prive | Non: _____ |
| <input type="checkbox"/> (H) Head Start Non: _____ | <input type="checkbox"/> (N) Okenn |

ANKÈT ELÈV FANMI MILITÈ

| | | |
|-----|----|---|
| Non | Wi | Paran an se yon manm an sèvis nan sèvis ak inifòm, ki gen ladan Gad Nasyonal ak Rezèv sou lòd sèvis aktif |
| Non | Wi | Paran an se yon manm oswa veteran sèvis ki gen inifòm ki blese grav ak jwenn egzeyat medikal oswa retirete pou yon peryòd 1 ane apre egzeyat medikal oswa retrèt la |
| Non | Wi | Paran an te mouri kòm yon manm an sèvis aktif sèvis ki gen inifòm yo oswa nan yon ane apre li blese. |

LEKÒL PIBLIK KONTE ORANGE YO

Orlando, Florid

Enfòmasyon kontak elèv la

Non elèv la: _____

Nimewo elèv la: _____

ENFÒMASYON SOU PARAN/RESPONSAB LEGAL (Tanpri mete paran/responsab legal la nan lòd priyorite)

| | | | | | | | |
|--|---|--|---------------------------------|--|---------------------------------|--|--|
| Siyati (Legal) | | Prenon (Legal) | | Dezyèm prenon | | Telefòn travay | |
| Adrès domisil | | # Apt. | Vil | | Kòd postal | Nimewo telefòn prensipal | |
| Paran/Responsab Legal - Adrès imèl prensipal | | | | Elèv pou pase pran? | | Dokiman legal (egazanp: gad, òdonans restriktif, elatriye) | |
| | | | | <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non | | Si pa gen okenn alèt legal: Antre "Pa Aplikab" Tanpri bay dokiman jistifikatif | |
| Paran/Responsab Legal | | | | Relasyon ak elèv la | | | |
| <input type="checkbox"/> Paran | <input type="checkbox"/> Resp. Trib. Nonmen | <input type="checkbox"/> Manman | <input type="checkbox"/> Bèlmè | <input type="checkbox"/> Granpè | <input type="checkbox"/> Matant | <input type="checkbox"/> Responsab legal OCPS Ed. | |
| <input type="checkbox"/> Responsab Legal | <input type="checkbox"/> Responsab Legal OCPS Ed./Paran Ranplasan | <input type="checkbox"/> Papa | <input type="checkbox"/> Bopè | <input type="checkbox"/> Frè | <input type="checkbox"/> Tonton | <input type="checkbox"/> Lòt | |
| <input type="checkbox"/> Lòt | | <input type="checkbox"/> Responsab Legal | <input type="checkbox"/> Granmè | <input type="checkbox"/> Sè | <input type="checkbox"/> Kouzen | | |

| | | | | | | | |
|--|---|--|---------------------------------|--|---------------------------------|--|--|
| Siyati (Legal) | | Prenon (Legal) | | Dezyèm prenon | | Telefòn travay | |
| Adrès domisil | | # Apt. | Vil | | Kòd postal | Telefòn lakay | |
| Adrès imèl prensipal | | | | Elèv pou pase pran? | | Dokiman legal (egazanp: gad, òdonans restriktif, elatriye) | |
| | | | | <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non | | Si pa gen okenn alèt legal: Antre "Pa Aplikab" Tanpri bay dokiman jistifikatif | |
| Paran/Responsab Legal | | | | Relasyon ak elèv la | | | |
| <input type="checkbox"/> Paran | <input type="checkbox"/> Responsab Tribinal Nonmen (Ad Litem) | <input type="checkbox"/> Manman | <input type="checkbox"/> Bèlmè | <input type="checkbox"/> Granpè | <input type="checkbox"/> Matant | <input type="checkbox"/> Responsab L. OCPS Ed. | |
| <input type="checkbox"/> Responsab Legal | <input type="checkbox"/> Responsab Legal OCPS Ed./Paran Ranplasan | <input type="checkbox"/> Papa | <input type="checkbox"/> Bopè | <input type="checkbox"/> Frè | <input type="checkbox"/> Tonton | <input type="checkbox"/> Lòt | |
| <input type="checkbox"/> Lòt | | <input type="checkbox"/> Responsab Legal | <input type="checkbox"/> Granmè | <input type="checkbox"/> Sè | <input type="checkbox"/> Kouzen | | |

LÒT KONTAK - Relasyon _____

| | | | |
|--------|--------|----------------|--|
| Siyati | Prenon | Telefòn kontak | Elèv pou pase pran? |
| | | | <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non |

837.06 Fo deklarasyon ofisyèl.—Nenpòt moun ki volontèman fè yon fo deklarasyon alekri nan entansyon pou twonpe yon fonksyonè piblik nan pèfòmans fonksyon ofisyèl li dwe koupab krim dezyèm degre, ki dwe pini jan sa ye nan s. 775.082 oswa s. 775.083.

Se pou sètifye tout enfòmasyon nan fòm enskripsyon an vre nan sa mwen pi byen konnen ak kwè. Mwen konprann enfòmasyon ki pa apwopriye yo ka lakòz reta nan antre done yo.

Falsifikasyon enfòmasyon yo pral anile kalifikasyon atletik ak paraskolè elèv la pou yon (1) ane kalandriye apati dat dekouvèt vyolasyon an.

Siyati Paran/Responsab Legal

Dat

Relasyon ak elèv la

Siyati Paran/Responsab Legal

Dat

Relasyon ak elèv la



LEKÒL PIBLIK KONTE ORANGE YO

Orlando, Florid

Fòm enfòmasyon dijans ak sante elèv la pou ane lekòl 2023-2024

Enfòmasyon dijans - Anglè

Nimewo elèv la: _____

ENFÒMASYON SOU ELÈV

| Siyati (Legal) | Non Sifiks (sa vle di, Jr., II) | Prenon (Legal) | Dezyèm prenon (Legal) |
|--|---|--|-----------------------|
| Non prefere | | Dokiman legal (egazanp: gad, òdonans restriktif, elatriye) Si pa gen okenn alèt legal: Antre "Pa Aplikab" Tanpri bay dokiman jistifikatif | |
| Paran/Responsab Legal - Adrès imèl prensipal | | Sèks <input type="checkbox"/> Gason <input type="checkbox"/> Fanm | Telefòn prensipal |
| Adrès domisil | | # Apt. | Vil |
| Adrès postal | | # Apt. | Vil |
| Èske ou bezwen kominikasyon yo nan yon lang ki pa Anglè? | | | |
| <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Panyòl <input type="checkbox"/> Fransè <input type="checkbox"/> Pòtigè <input type="checkbox"/> Kreyòl Ayisyen <input type="checkbox"/> Vyetnamyen | | | |
| Medikaman w ap pran nan moman an (Sou preskripsyon ak san preskripsyon (OTC)) | | | |
| Antesedan medikal/Limit fizik | | | |
| Alèji ak medikaman, manje oswa lòt sibstans.. | | | |
| Medikaman | Manje (Lyen Fòm Rejim Alimantè - Tanpri ranpli epi pote l'nan lekòl ou. 1*) | | Lòt sibstans |

ENFÒMASYON SOU PARAN/RESPONSAB LEGAL (Tanpri mete paran/responsab legal la nan lòd priyorite.)

| Siyati | Prenon | Relasyon | Pase pran <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non |
|---------------|----------------|----------|---|
| Adrès domisil | # Apt. | Vil | Kòd postal |
| Telefòn lakay | Telefòn selilè | Anplwayè | Telefòn Biznis |

| Siyati | Prenon | Relasyon | Pase pran <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non |
|---------------|----------------|----------|---|
| Adrès domisil | # Apt. | Vil | Kòd postal |
| Telefòn lakay | Telefòn selilè | Anplwayè | Telefòn Biznis |

LÒT KONTAK YO NAN PAJ DÈYÈ A

** Prèw adrès la dwe prezante bay Biwo Enskripsyon lekòl la pou adrès la ka chanje ofisyèlman nan sistèm nan.

•Fòm Rejim Alimantè - Paran/Gadyan sipoze ranpli l' epi siyen devan fom nan ak tout res yo. Yon siyati nesèsè se pou kontakte doktè konsènan rejim alimantè ki gen rapò ak andikap medikal.

Non elèv la: _____

Nimewo elèv la: _____

KONTAK ANPLIS

| Siyati | Prenon | Relasyon | Telefòn kontak | Gad | Pase pran |
|--------|--------|----------|----------------|--|---|
| | | | | <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non | <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non |
| | | | | <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non | <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non |
| | | | | <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non | <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non |
| | | | | <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non | <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non |
| | | | | <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non | <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non |

Nan evènman an ki gen yon ensidan oswa ijans epi mwen yo pa ka jwenn mwen, mwen bay konsantman epi mande pou kontakte moun nan lis an wo a fè yo konnen kondisyon pitit mwen an ak / oswa nan repons sèvis medikal ijans ensidan an.

PARAN PATISIPASYON NAN:

Daprè Lwa Florid 1001.42, HB 1557: Yon paran / gadyen dwe Antre nan Paran Patisipasyon pou sèvis sante: Paran Patisipasyon dwe ranpli pou sèvis klinik, ak lòt sèvis deplasman sante. Mwen bay konsantman pou timoun sa a patisipe nan sèvis sante OCPS sa yo: Tanpri sèkle wi oswa non akote chak sèvis.

OPSYON SÈVIS

WI NO Sèvis Klinik Lekòl la

WI NO Tès pou Skoliyosis

OPSYON SÈVIS

WI NO Tès pou Vizyon

WI NO Kwasans & Developman

OPSYON SÈVIS

WI NO Tès pou Tande

Sèvis Sante Mantal: Referans konsèy sante mantal yo ka bay pou sèvis atravè pèsònèl OCPS oswa patnè kominotè yo. Referans sa yo mande pou konsantman paran yo nan moman sèvis yo.

Direksyon pou konplete patisipasyon dijital nan dokiman:

1. Konekte nan Pòtal Paran OCPS la: <https://parents.classlink.com/ocps>
2. Ranpli fòm konsantman paran yo

Si ta gen yon IJANS, mwen konprann lekòl la ap jwenn aksè nan sistèm medikal ijans 911 lan imedyatman. Pou bay swen, mwen bay pèmisyon pou pèsònèl lekòl la bay enfòmasyon medikal bay ekip ijans lan pou kòmanse tretman ak transpò nan yon etablisman ki apwopriye. Mwen bay pèmisyon mwen pou pèsònèl medikal ki apwopriye a ak anplwaye yo pou kòmanse tretman imedyatman lè yo rive nan etablisman ki apwopriye a. Mwen mande pou yo fè mwen konnen kondisyon pitit mwen an ak admisyon pitit mwen an pi vit ke posib. Si yo pa kapab jwenn mwen, mwen mande pou etablisman an admèt youn nan lòt moun ki nan lis anlè a nan kondisyon ak admisyon pitit mwen an. Mwen dakò pou m' responsab finansyèlman pou tretman total pitit mwen an ak transpò.

Pou timoun ki gen IEP oswa resevwa sèvis ki gen rapò ak ESE, mwen otorize Komisyon Konsèy Lekòl orange County, Florid pou bay enfòmasyon konfidansyèl pitit mwen an bay ajans leta Florid la ki ta pèmèt Lekòl Piblik Orange County yo verifye elijibilite Medicaid, bòdwo Medicaid pou referans sèvis ki sètifye nan Lekòl ki sètifye sou IEP pitit mwen an epi resevwa ranbousman Medicaid pou Edikasyon Eksepsyonèl (ESE) sèvis li bay pitit mwen an pandan lekòl la. Mwen konprann pitit mwen an ap kontinye resevwa sèvis referans sou IEP li a menm si mwen bay konsantman wi ou non. Tanpri, pote kat Sekirite Sosyal elèv la nan Enskripsyon lekòl la pou finalize otorizasyon sa a.

Lè mwen siyen fòm sa a, mwen aksepte ak rekonèt tèm kondisyon sa yo.

Siyati Paran/Gadyen:

Dat:

*Komisyon Konsèy Lekòl Orange County, Florid otorize pou kolekte nimewo sekirite sosyal ("SSN") jelèw yo tabkou nan Seksyon 1008.386 ak 119.071(5)(5)(6) (6) Lwa Florida. Dispozisyon SSN yon elèv sou fòm enskripsyon an si ou vle epi li pa obligatwa kòm yon kondisyon pou enskripsyon nan Distri a. Nenpòt SSN bay an koneksyon avèk enskripsyon pral sèlman itilize pou rechèch, rapò ak rezon anrejistremant. Koleksyon SSN la pa dwe itilize pou ranfòsman imigrasyon. Bay SSN elèv la bay Komisyon Konsèy Lekòl Orange County, Florid pou rezon sa yo di ou bay konsantman pou itilize SSN elèv la nan fason yo dekri a.
Lwa Florid §837.06 di nenpòt moun ki volontèman fè yon fo deklarasyon alekri nan entansyon pou twonpe yon fonksyonèl piblik nan pèfòmans fonksyon ofisyèl li dwe koupab yon krim dezyèm degre.

(Fòm sa a efikas jiskaske premye jou ane lekòl la oswa yon ane soti nan dat la li siyen an, nan tan pita)

Repons ak kesyonè sa sou lojman ede detèmine admisibilite sèvis yo ki kapab founi atravè Lwa federal McKinney-Vento, 42 U.S.C 11435. Pwogram McKinney-Vento founi kèk dwa ak fanmi yo ki ap fè fas ak tranzisyon lojman.

TANPRI RANPLI FÒMILÈ SA SÈLMAN SI W AP FÈ FAS AK TRANZISYON LOJMAN AN. Tranzisyon lojman kapab vle di akòz de difikilte finansyè ki fè fanmi ou ap viv nan yon otèl, yon kay kote ou gen yon ipotèk oubyen yon afèmaj men kay la enfeste ak pinèz oubyen gen lòt pwoblèm ki lakoz li pa favorab pou viv ladan l, yon veyikil, yon chèltè, oubyen ap viv avèk zanmi oubyen fanmi san yon afèmaj legal oubyen valid. Pou plis enfòmasyon sou kòman pou kalifye anba Lwa McKinney-Vento a, konsilte www.homeless.ocps.net.

ENFÒMASYON SOU FANMI – TANPRI NOTE KE TOUT SEKSYON YO DWE RANPLI

| | | | |
|---|-----------------------|-----------------------|------------|
| Non Paran (yo)/Responsab Legal (yo): | | | |
| Adrès Lari Lanwit Elèv Aktyèl la | | Vil/Kòd Postal | |
| Depi kilè ou t ap viv nan adrès sa? | Nimewo Telefòn | | |
| | Imel | | |
| Èske w ap oubyen ou t ap travay anvan nan agrikilti, lapèch, ebenis, oubyen endistri lèt nan yon tan kèlkonk nan 3 dènye ane yo? | | WI | NON |

Tanpri site TOUT elèv nan fanmi an (ki gen ladan yo elèv pre-Kindègadenn yo) ki enskri nan lekANY OCPS.

| Non Elèv la | #ID Elèv la | M/F | Dat Nesans | Klas | Lekòl |
|-------------|-------------|-----|------------|------|-------|
| | | | | | |
| | | | | | |
| | | | | | |
| | | | | | |
| | | | | | |


RANSÈYMAN SOU SITIYASYON LAVI TANPORÈ - TANPRI NOTE KE TOUT SEKSYON YO DWE KONPLETE

Koche sèlman YON kaz ki aplike ak sitiyaasyon ou an:

- Rete avèk yon lòt manm fanmi oubyen zanmi akòz de difikilte finansyè epi pa gen yon afèmaj valid.
- Rete nan yon motèl oubyen otèl akòz de difikilte finansyè oubyen enkapasite finansyè pou jwenn yon lojman pèmanan abòdab. (E)
- Dòmi nan yon veyikil, pak trelè oubyen yon tèren kanpin, batiman abandone, oubyen lòt lojman movè kalite. (D)
- Rete nan yonabri pwovizwa ijans oubyen tranzisyonèl. (A)
- Lwe oubyen posede yon afèmaj valid, men akòz de difikilte finansyè, kay la pa nòmal (pa gen kabann/kwizin, pinèz, koule, elatriye.). (D)
- Si sa anlè a pa aplike, dekri ki kote elèv la/yo pase plis tan lanwit tou resamman: _____

Koche sèlman YON kaz ki aplike ak sitiyaasyon lavi ou an:

- Difikilte ekonomik akòz de pandemi COVID (maladi, pèt travay, elatriye) ki lakoz pèt lojman (P)
- Difikilte ekonomik oubyen lòt sikonstans (PA lye ak pandemi COVID la) tankou mank lojman abòdab, povrete alontèm, chomaj, pwoblèm medikal, vyolans domestik, elatriye (N)
- Fòklizyon Ipotèkè (M)
- Pèt lojman nou an akòz yon dezast natirèl (ouragan, inondasyon, dife, elatriye) epi pa genyen okenn kote pou ale. Tanpri endike tip dezast natirèl la isit: _____ (E, F, H, S, T, or W)
- Te pèdi lojman nou akòz de yon dezast moun lakoz (mwazisi, degajman gaz toksik, elatriye.) epi pa genyen okenn lòt kote pou ale. (D)
- Si sa ki anwo yo pa aplike, dekri koz ki fè w ap viv nan sitiyaasyon tanporè sa a: _____

Tanpri kontinye kesyonè sou rezidans lan nan pwòchèn paj la 

JÈN SAN ABRI NON AKONPANYE (UNACCOMPANIED HOMELESS YOUTH, UHY):**Elèv k ap enskri (yo) se/**

Rete avèk yon paran oubyen yon responsab legal
Pa rete avèk yon paran oubyen yon responsab legal
epi pa rete avèk yon adilt ki ap aji antan ke paran
elèv la jan sa defini nan s. 1000.21(5), Florida
Statutes.

Pa rete avèk yon paran oubyen yon responsab legal,
men rete avèk yon adilt altènatif.

Non Swayan: _____
Telefòn Swayan: _____
Relasyon ak Elèv la: _____

Moun ki siyen an sètifye ke enfòmasyon ki bay yo egzakt selon sa li plis konnen.

Tanpri note ke Florida Statutes 837.06 di ke nenpòt moun ki avèk konsyans li fè yon fo deklarasyon alekri avèk entansyon pou twonpe yon fonksyonè piblik nan egèzis fonksyon ofisyèl li ap koupab selon deli dezyèm degre a.

Siyati moun ki Ranpli Fòmilè sa

Non an Lèt detache Moun ki Ranpli Fòmilè sa

Dat

Tanpri endike wol moun ki ranpli fòmilè sa.

Paran/Responsa oubyen Jèn ki pa Akonpaye a
Swayan pou Jèn lan

Manm Estaf OCPS nan non elèv yo
Ajans Lokal nan non fanmi an (Tanpri endike ajans lan):

DWA NAN LWA MCKINNEY-VENTO YO

Elèv ki kalifye anba Lwa McKinney-Vento yo gen dwa ak dwa ki vini an apre yo:

- Enskripsyon imedya (menm si ou manke prèv rezidans oubyen lòt dokiman epi w ap travay pou jwenn dokiman sa yo).
- Repa gratis nan lekòl la.
- Estabilite eskolè avèk chwa pou rete nan lekòl orijin (dènye kote w te konn ale lekòl la) ak modèl alimantasyon lekòl orijin lan pandan tranzisyon lojman an.
- Transpò pou lekòl si lokal lojman aktyèl la plis pase 2 mil.
- Dwa yo akòde pou ane lekòl aktyèl la. Si elèv la/yo kontinye fè fas ak tranzisyon lojman aprè 1ye Jiyè 2024, tanpri konplete kesyonè sa ankò pou ane lekòl 2024-2025 lan.
- Pou elèv ki enskri nan VPK oubyen Kindergarten nan prentan 2023, w ap bezwen ranpli fòmilè sa ankò aprè 1ye Jiyè 2023 pou kalifye pou ane lekòl 2023-2024 la.

Divès sipò edikatif adisyonèl tou depan de jenewozite donè yo kapab disponib. Tanpri kontakte travayè sosyal lekòl la pou plis enfòmasyon.

Pou plis enfòmasyon sou Pwogram McKinney-Vento ak dwa anba Lwa federal McKinney-Vento a, tanpri kontakte 407-317-3485 oubyen voye yon imel helphomeless@ocps.net.

POU ESTAF OCPS YO SÈLMAN:

Tout fòmilè Kesyonè Rezidans pou Elèv (Student Residency Questionnaire, SRQ) yo dwe transmèt bay rejistrè lekòl la pou kodaj epi voye pa imel bay MVPSRQ@ocps.net. Divès kopi SRQ dwe plase nan yon fichye prensipal nan sit lekòl la. Pou plis kesyon adisyonèl, tanpri voye yon imel nan helphomeless@ocps.net or call 407-317-3485.



LEKÒL PIBLIK KONTE ORANGE YO

Orange County
Public Schools

Otorizasyon pou Pibliye Enfòmasyon
Ane lekòl 2022-2023

Dat:

Nimewo elèv la: _____

Bay moun li konsène:

Elèv annapre a te enskri nan lekòl nou an. Tanpri voye tout dosye yo ki gen ladan nòt, kou li pran, nòt nan tès yo, edikasyon espesyal, done sikolojik, plan edikasyon pèsonalize (IEP) aktyèl, dosye sante ak dat vaksinasyon. Epitou, tanpri mete tout nò li te fè ane lekòl sa ak/oswa nòt abandon, si genyen.

| Enfòmasyon ki idantifye | | | |
|---|---------------|------------|------------|
| Non elèv la | | Dat nesans | |
| _____ | _____ | _____ | _____ |
| Prenon | Dezyèm prenon | Siyati | |
| Non paran/responsab legal | | # Tel | |
| _____ | | _____ | |
| Non dènye lekòl li te ale | | | |
| _____ | | | |
| Adrès postal konplè dènye lekòl li te ale | | | |
| _____ | _____ | _____ | _____ |
| Riyèl | Vil | Eta | Kòd postal |
| _____ | _____ | _____ | _____ |
| # Tel | # Faks | | |
| | | | |
| Voye dosye ki mande yo bay | | | |
| | | | |

Siyati paran/responsab legal

Dat:

Direktè oswa Ofisye Dosye yo

Konsantman alekri alavans paran oswa responsab legal elèv **pa** obligatwa pou transfere dosye yo bay lekòl yo kote elèv la ap chèche enskri oswa konte enskri.

1ye demann _____

2yèm demann _____

3yèm demann _____

Konsèy Lekòl Konte Orange, Florid la pa fè diskriminasyon nan admisyon oswa aksè pou, oswa tretman oswa travay nan pwogram ak aktivite li yo, poutèt zafè ras, koulè, relijyon, laj, sèks, orijin nasyonal, eta sivil, andikap, enfòmasyon jenetik oswa nenpòt rezon ke lalwa entèdi. Moun anba yo nan Ronald Blocker Educational Leadership Center, 445 W. Amelia Street, Orlando, Florida 32801, jere zafè konfòmite yo: Kowòdinatè ADA ak Sipèvizè Opòtinite Travay Egal (Equal Employment Opportunity, EEO): Carianne Reggio; Kowòdinatè Seksyon 504: Beverly Knestrick; Kowòdinatè Tit IX: Gary Preisser. (407.317.3200)



Non elèv la: _____

Nimewo elèv la: _____

Èske elèv k ap enskri a konte patisipe nan aktivite paraskolè yo?

Si wi, tanpri tcheke aktivite paraskolè elèv la enterese ladan anba:

Sa pral pèmèt lekòl la byen konekte ou ak pèsònèl apwopriye a.

Espò nan otòn:

- Boling
- Majorèt (lespri)
- Kous Anplennè
- Foutbòl Ameriken
- Gòlf
- Natasyon ak Plonjon
- Volebòl Ti Fi

Espò nan ivè:

- Baskètbòl
- Majorèt konpetitif
- Foutbòl
- Altewofili Ti Fi
- Lit

Espò nan prentan:

- Bezbòl
- Foutbòl ak Drapo
- Lakwòs
- Sofbòl
- Tenis
- Aktivite Atletis
- Volebòl Ti Gason
- Water Polo
- Altewofili Ti Gason
- Volebòl Plaj

Atizay espektak:

- Koral
- Dram
- Fanfa / Fanfa mach
- Òkès

Pwogram JROTC

DISTRIBISYON OCPS

1. Direktè Atletik

2. Fanfa/Òkès/Direktè Koral

3. Kòmandan JROTC



SÈVIS EDIKASYON ELÈV NAN PLIZYÈ LANG
Anglè pou Moun ki Pale Lòt Lang (ESOL)
LÈT SOU DWA PARAN
ANGAJMAN FLORID POU TOUT ELÈV K AP APRANN ANGLÈ

| | | | |
|---------------------|---|--------------------------|--------------|
| Non elèv la: | # idantifikasyon elèv la: | Dat: | Klas: |
| Lekòl: | Dat li te antre nan lekòl Etazini: | Dat premye antre: | |

| | |
|---|---|
| 1. Lang: Èske elèv la souvan pale yon lang ki pa Anglè? <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi Ki lang? _____ | 2. Lang natif natal: Èske elèv la te gen yon premye lang ki pa Anglè? <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi Ki lang? _____ |
| 3. Lang ki pale lakay: Èske gen yon lang ki pa Anglè ki pale lakay? <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi Ki lang? _____ | 4. Ft andeyò peyi Etazini - Si NON, mete Pa Aplikab _____ |

Tout lekòl yo nan Florid angaje pou bay yon pwogram edikatif bon kalite ou tout elèv yo. Lekòl Piblik yo nan Florid dwe garanti elèv yo ki gen eritaj/langaj lakay ki pa Anglè jwenn menm aksè nan tout pwogram ak sèvis yo epi pou jwenn ansèyman konplè. Aktivite annapre yo dwe fèt pandan enskripsyon, evalyasyon ak pwosesis plasman sa a.

Ankèt sou lang ki pale lakay: Nan moman enskripsyon an, tout elèv yo (paran/responsab legal) dwe reponn yon ankèt sou lang ki pale lakay. Sa fèt pou yo ka mete timoun ou an nan pwogram edikatif ki pi apwopriye a pou garanti siksè akademik ak pou konfòme ak Lwa Eta Florid la. (Seksyon 233.058, 228.093, FS, Seksyon I, 1990 LULAC et. al .vs. Dekrè Konsantman Konsèy Edikasyon Eta, ak Règ 6A-6.0901 ak 6A-6.0902, F.A.C.)

Evalyasyon lang: Si ankèt la montre se yon lang ki pa Anglè ki pale lakay, elèv la pral evalye pou detèmine konpetans li nan lang Anglè epi pou detèmine yon pwogram edikatif ki apwopriye. Si ou make wi pou plis pase yon kesyon nan **Ankèt sou Lang ki Pale Lakay la, timoun ou an prale pwovizwaman nan yon pwogram Elèv k ap Aprann Pale Anglè (ELL) annatant tès konpetans nan lang lan.**

Plasman nan pwogram ansèyman: Sou baz rezilta nan evalyasyon lang lan, elèv yo dwe jwenn ansèyman konplè epi ale nan yon pwogram edikatif apwopriye. Chak distri ap bay yon seri sèvis sou baz aplikasyon pwogram espesifik la nan lekòl la.

Notifikasyon pou paran: Paran yo dwe resevwa lèt, notifikasyon ak enfòmasyon sou lekòl la nan yon lang yo konprann, amwenske li vreman pa posib, pou garanti nou gen konsantman avize paran ak aksè ki fè sans nan pwogram edikatif la. Osito rezilta tès nan konpetans lang la bay, n ap avize ou pou konnen si timoun ou an ap rete oswa pa rete nan pwogram ELL la. Plasman final elèv la dwe detèmine nan entèval 30 jou apati lè li antre lekòl.

Konsèy lidèchip paran: Chak distri dwe fè reyinyon konsiltatif pou paran pou paran yo ka gen yon opòtinite pou patisipe nan pwosesis preparasyon pwogram edikatif la.

Kritè pou kite: Elèv yo ap kite sèvis ESOL la lè yo satisfè kritè pou kite Eta a etabli a nan lang Anglè pou detèmine konpetans nan tandè, pale, li ak ekri. Elèv yo evalye chak ane nan lang Anglè pou detèmine pwogrè ak/oswa preparasyon yo pou kite pwogram lan.

Siyati paran/responsab legal

Dat